**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ**

**Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги ҳәм Мәмлекетлик тест орайының «2021-2022-оқыў жылы ушын айырым пәнлер терең үйренилетуғын қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мәкемелерине оқыўшылар қабыллаў квотасын белгилеў ҳәм қабыллаў процесин шөлкемлестириў ҳаққында» ғы 2021-жыл 8-июндағы 49к/к-, 07/ққ-санлы қоспа қарарын орынлаў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008-жыл 7-августтағы «Айырым пәнлер терең үйренилетуғын мәмлекетлик қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелери жумысларын жетилистириў ҳаққында»ғы 173-санлы қарарына муўапық 2021-2022-оқыў жылы ушын айырым пәнлер терең үйренилетуғын мәмлекетлик қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелериниң 5- ҳәм 7-класларына оқыўшылар қабыл етиўди шөлкемлестириў ҳәмде қабыллаў квотасын қәлиплестириў мақсетиндеги Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги ҳәм де Мәмлекетлик тест орайының 2021-жыл 8-июндағы 49 к/к-, 07/ққ-санлы қоспа қарарын басшылыққа алыў ҳәм орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги ҳәм де Мәмлекетлик тест орайының 2021-жыл 8-июндағы 49 к/к-, 07/ққ-санлы қоспа қарары басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

**2. Жоқарыдағы қоспа қарар менен:**

20212022оқыў жылы ушын қабыллаў квотасы қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма билим бериў мектеп-интернаты ушын **1-қосымшаға**, қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма билим бериў мектеплери ушын **2-қосымшаға** муўапық тастыйықланғанлығы;

2021-2022-оқыў жылында айырым пәнлер терең үйренилетуғын қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орт билим бериў мәкемелерине қабыллаў ушын ҳүжжетлерди тапсырыў электрон формада **2021-жыл 10-июньнан-10-июльға шекем,** таңлап алыў (тест) **2021-жыл 12-30-июль күнлери** өткизилиўи;

республика арнаўлы комиссиясы қарары менен карантин шеклеўлери күшейттирилгенде 2020-2021-оқыў жылына айырым пәнлер терең үйренилетуғын қәнигелестирилген мектеп-интернатлар ҳәм қәнигелестирилген мектеплерге оқыўшыларды қабыл етиў мүддети өзгертириледи;

тастыйықланған квота бойынша бир орынға кеминде 2 кандидат даўагер болмаған жағдайда усы қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемеси ушын белгиленген квота бийкар етиледи;

қәнигелик тәлим бағдарларына сәйкес(тийкарғы) пәнлерден тест тапсырмалары ушын биринши пәнге 3,2 балдан (жәми 3,2х20=64), екинши пәннен берилетуғын тест тапсырмалары ушын 2,1 балл (жәми 2,1х10=21) бериледи. Бунда, талапкер топлаўы мүмкин болған улыўма балл 85 балды қурайды деп белгиленгени мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

**2. Улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими (М.Асеметдинов), Министрлер Кабинети жанындағы Мәмлекетлик тест орайының аймақлық ўәкили менен биргеликте:**

улыўма орта билимлендириў мәкемелеринде шөлкемлестирилген қәнигелестирилген класларға 2020-2021-оқыў жылы ушын оқыўшылар қабыллаў процеслериниң шөлкемлестирилиўи ҳәм өткизилиўин қатаң қадағалаўға алыў;

оқыўшылар, олардың ата-аналары яки орнын басыўшы шахслар, жәмәәтшилик ортасында қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мекемесинде алып барылып атырған тәлим-тәрбия процесин, оның ерискен нәтийжелерин ҳәм оған қабыл етиў тәртиби бойынша түсиндириў жумысларын алып барыўды муўапықластырып барыў;

қәнигелестирилген кластар ҳәм қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелеринде ҳүжжетлерди онлайн тәризде қабыл етиў ушын жетерли шәраятларды жаратыўды;

тест сынаўларын сыйымлылығы 70 оқыўшыдан аспаған ҳалда спорт залы ҳәм мектеп асханаларында өткизиўди шөлкемлестириў ҳәм ҳәр бир оқыўшы ушын кеминде **3 кв.м.** өлшемде орын ажыратыўды;

тест сынаўлары өткерилетуғын билимлендириў мәкемелеринде тазалаўшы ҳәм зәрерлендириўши қураллар жәрдеминде дезинфекция жумысларын шөлкемлестириўди;

оқыўшылардың санитария-гигиена қағыйдаларына әмел еткен ҳалда қорғаныў қуралында(медициналық маска) ҳәм резина қолқапта келиўлери, имәратқа кириўден алдын ден-саўлықты сақлаў хызметкерлери тәрепинен олардың дене ыссылығын өлшеў жумысларын шөлкемлестириўди;

тест сынаўы процесин әдил ҳәм әшкаралықты тәмийинлеген ҳалда өткериў мақсетинде улыўма билим бериў мәкемелеринде видеобақлаў үскенелерин орнатыўды муўапықластырып барыў;

улыўма билим бериў мектеплери жанындағы қәнигелестирилген класларға оқыўшыларын қабыллаўын белгиленген тәртипте өткериў;

қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелерине оқыўшылар қабыллаў бойынша тийисли пәнлерден тест сынаўларын өткериў кестесин ислеп шығыў;

тест сынаўы процесин әдил ҳәм әшкаралықты тәмийинлеген ҳалда өткериў мақсетинде улыўма билим бериў мәкемелериниң веб-сайты ҳәмде социаллық тармақларда онлайн трансляция етиў жумысларын шөлкемлестириў;

**белгиленген мүддетте** 5- ҳәм 7-класларға тийисли пәнлерден өткерилген тестлердиң нәтийжелери бойынша қабыл етилген оқыўшылар бойынша анализленген мағлыўматты Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң Улыўма орта билимлендириў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў басқармасына тапсырыў ўазыйпалары тапсырылсын.

**3. Барлық район(қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықларына, 13-санлы Республикалық қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектеп-интернаты директорына:**

улыўма орта билимлендириў мәкемелеринде шөлкемлестирилген қәнигелестирилген класларға 2020-2021-оқыў жылы ушын оқыўшылар қабыллаў процеслериниң белгиленген талап дәрежесинде шөлкемлестирилиўи ҳәм өткизилиўин тәмийинлеў иләжларын көриў;

оқыўшылар, олардың ата-аналары яки орнын басыўшы шахслар, жәмәәтшилик ортасында қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мекемесинде алып барылып атырған тәлим-тәрбия процесин, оның ерискен нәтийжелерин ҳәм оған қабыл етиў тәртиби бойынша түсиндириў жумысларын алып барыў;

қәнигелестирилген кластар ҳәм қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелеринде ҳүжжетлерди онлайн қабыл етиў ушын жетерли шәраятларды жаратыў;

тест сынаўларын сыйымлылығы 70 оқыўшыдан аспаған ҳалда спорт залы ҳәм мектеп асханаларында өткизиўди шөлкемлестириў ҳәм ҳәр бир оқыўшы ушын кеминде **3 кв.м.** өлшемде орын ажыратыў;

тест сынаўлары өткерилетуғын билимлендириў мәкемелеринде тазалаўшы ҳәм зәрерлендириўши қураллар жәрдеминде дезинфекция жумысларын алып барыўды шөлкемлестириў;

қәнигелестирилген улыўма билим бериў мәкемелерине оқыўшылар қабыллаў бойынша тийисли пәнлерден тест сынаўларын өткериў бойынша министрлик тәрепинен ислеп шығылатуғын кестесини барлық оқыўшылар, олардың ата-аналары яки орнын басыўшы шахсларға онлайн тәризде жеткериў;

оқыўшылардың санитария-гигиена қағыйдаларына әмел еткен ҳалда қорғаныў қуралында(медициналық маска) ҳәм резина қолқапта келиўлери, имаратқа кириўден алдын ден-саўлықты сақлаў хызметкерлери тәрепинен олардың дене ыссылығын өлшеў жумысларын шөлкемлестириў;

тест сынаўы процесин әдил ҳәм әшкаралықты тәмийинлеген ҳалда өткериў мақсетинде улыўма билим бериў мәкемелеринде видеобақлаў үскенелерин орнатыў ҳәм ислеп турыўын тәмийинлеў;

тастыйықланған квота режесине муўапық қәнигелестирилген 5-, 7-класларға пән бағдарлары бойынша талапкер оқыўшылардың ҳүжжетлерин белгиленген мүддетлерде, яғный **10-июньнан-10-июль аралығында** электрон тәризде қабыл етиўди шөлкемлестириў;

5-, 7-классқа қабыл етиў бойынша өткерилген пән бағдары сынақ жумысларының нәтийжесин Реже талаплары тийкарында анализлеп улыўмаластырыў ҳәм жуўмақларын усы жылдың 5-август сәнесине шекем министрликке усыныў;

өткерилген сынақ жумысларынан нәтийжели өткен оқыўшыларды квота тийкарында мектепке қабыл етиў бойынша белгиленген тәрипте ишки буйрық қабыл етиўди шөлкемлестириў ўазыйпалары тапсырылсын.

5. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң 1-орынбасары ў.ў.а. Қ.Бекбаулиевқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл 11 -июнь
144 - санлы